ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ЛЫГЪЭ

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№153 (21.561) ● 2009 гъэм шыщхьэІум (августым) и 12, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Щынальэхэм я зыужьыныгъэмкІэ комиссэм

Уи щхьэ Іуэху зепхуэжыныр нэхъыфІщ, къэралыр къыбдэІэпыкъу нэхъ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Путин Владимир Щынальэхэм я зыужьныгъэмкІэ комиссэм и эІуплъэ Кисловодск къалэм щрагъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен.

ПУТИН Владимир кьыщыпсальэм кьыхигъэщхьэхухІащ кризисым и лъэхъэнэм дэтхэнэ ІэнатІэмэ кьыщыдгъэхъуэн зэрыкуейр икІи ахъшэр нэхъ зэтеІэзэжрэ щынальэм губернаторхэр кьыхуриджащ. Абы зэІуцІэм хэтахэм ягу кьигъэкІыжащ 2010 гъэм и бюджетыр икъуэкІ зэпэуфыбдаэу зэрыщытынур. Путин Владимир зэрыжиІамкІэ, федеральэ бюджетым хэщІэжмкІэ мы гъэм хуримыкъуэ къэрал кІуэцІ валовэ продуктым и процентри 7,5-м щрагъэгъу хъунукъым, 2012 гъэм ирихьэлІэу я бжыгъэр процентри 3-м нэсу ягъэмащІэну я мурадщ.

Апхуэдэ лъэхъэнэм щынальэхэм щрагъэкІуэжі бюджет политикэр икъуэкІ зэпэлъытауэ щымыту хъунукъым. Нэхъ япэІуэжІэ Путин Владимир Іэ щІидзащ къэралым и щынальэу 29-м зэрадэІэпыкъун ахъшэу сом мелард 70 яхуэхъуным теухуа унафэм. Адэкіэ къэралыр зыдэІэпыкьунур езыхэм я кьарукІэ кризисым кьыкІыну хущІэкъу щынальэхэр зыужьдэхэм 2010 гъэм сом 1 трилион хухахынущ). Мыбдеж щынальэхэр хэхаэу егупсысхэн хуейщ, кьащтэмэ, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр зэмэщІэным.

ЗэІуцІэм кьыщыпсальэм КБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхухІащ ди республикэр егъэлеяуэ дотащ куэд зрат субъектхэм мы гъэм япэ дыдэу кьыззэрыхагъэкІар. Иужьрей илъэсищым кьриубыдэу хьэрычэт Іуэху мыиныкрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ ядэІэпыкьун папщІэ хухах ахъшэр сом мелуани 8-м щегъэжьауэ сом мелуани 173-м нагъэсащ, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр процент 34-кІэ ягъэмэщІащ (цІыху мин 41-м щыщІэдзауэ цІыху мин 24,7-м нэсу), дызэрыт илъэсым и кІэ пщІондэ лэжьапІэншэхэм ящыщу аргуэру цІыху мини 10 ІэнатІэкІэ кьызэрагъэпэщынущ. Республикэм лэжьапщІэмкІэ щыхуэ кьызытена ІэнатІэ щылэжькъым. Кризисым пэщІэтыным хуэунэтІауэ ирагъэжІуэна лэжьыгъэм и фІыщІэкІэ экономикэм и ІэнатІэ нэхъыщхьэхэр зыужьыныгъэм и ГъэгъуэкІ кьытекІакъым.

Кьанокъуэ Арсен кьызэрильытэмкІэ, кризисым щІимыдзэ льандэрэ КБР-м зэрыщекІэжІым хуэдизу, къэралыр зэнеиныкъумрэ я зэфІэкІэхэр зэгъэуІуауэ къэгъэсэбэпыныр хэкІыпІэ нэхъ тэмэмхэм ящыщ. Кьащтэмэ, ди дежь кьыщызэрагъэпэщащ Инвестицэхэмрэ зыужьныгъэмкІэ агентствэ.

Бизнесым и лэжьакІуэхэм ящыгъуу абы дызэрыт ильэсым инвестицІэ проектэ 10 егъэзащІэ. Абы и фІыщІэкІэ лэжьапІэ ІэнатІэщІэу мини 2 кьызэрагъэпэщащ, ильэсыр ихуахьу я бжыгъэр мини 5-м нэсащ.

Кьанокъуэ Арсен зэІуцІэм Іуэху зыбжанэ кьыщыхьилъхьащ. Абыхэм ящыщу щынальэхэм я бюджетхэр зэхуэгъэхъужьыным хуэунэтІауэ 2009 гъэм зэрыщытым хуэдизу кьэхъуэжащ, муниципальнэ гъуэгуэр зехьэныкмкІэ зыпэмыплъа гугъуехьхэр кьыкьуэмыхкІи папщІэ гъуэгу хозяйствэм хухах субсидиехэм кІэрамыгъэхунущ, экономикэм и ІэнатІэ нэхъыщхьэхэм щагъэзащІэ инвестицІэ проектхэм трагъэкІуэдзэн папщІэ УФ-м и субъектхэм бюджет кредитэр етынымкІэ ІэмалхэР убзыхурыр, апхуэдэ проектхэр зыгъэзащІэ предприятэхэм банкхэм кьыІах кредитхэм проценткІэ щхьэщатьыкІым щыщ ахъшэ яхуэпшынькьыныр.

ЛэжьапІэншагъэм и гугъу щищІым, республикэм и Іэтащхьэм зэІуцІэм хэтахэм гу лъаригъэтащ мы ІэнатІэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм хэпІэжьхьэхэу зэрыщытым. Абы жиІащ лэжьапІэншэхэм ядэІэпыкьун папщІэ федеральэ бюджетым кьыхэкІыу ягъэкІуэр ахъшэр ІэнатІэщІэмкІэ кьыззэІухьным, апхуэдэу щыщыткІэ цІыхухэм лэжьапІэ етыным, тегъэкІуэдзамэ нэхъ тэмэму кьыззэрилытэр. Республикэм апхуэдэ ахъшэу кьыхуауэтІыпщыр сом мелуан 350-м нобл агъэ. «А ахъшэм и процент 40-р хьэрычэт Іуэху мыиным и Іуэхущ Іапэхэр кьыззэІухьным хухахрэ, апхуэдэ дэтхэнэ Іуэхущ Іапэмэ сом мин 60-120 хуэдизу трагъэкІуадэмэ, дэтхэнэмэ икІи иту мазэм сом мини 10 хуэдизу кьыІэжьу, ІэнатІэ мини 2 хуэдизу кьызэрагъэпэщынущ. Абыхэм псоми зэхэту налогыу ягъэ ирилъэсым сом мелуан 30-м нэблагъэу щытынущ», - кьыхигъэщхьэхуІащ Кьанокъуэ Арсен.

КБР-м и Президентым УФ-м и Правительствэм лъэІуэкІэ зыхуэгъэзащІ 2010 - 2012 гъэхэм «Урысей Ищхьэрэ» федеральэ программэм хэхам хиубыдэу ухуэныгъэхэр Іуащхьэмахуэу льапэ щрагъэжьуэкІын папщІэ къэралым и бюджетым кьнуэцІыпщ ахъшэм кІэрамыгъэкІ. КьаутІыпщыну ящыгъуэу щыта сом мелардри 6,3-р кьаІэрыхьэмэ, а щыщІэм 2012 гъэм ирихьэлІэу дунейпсо мардэхэм тет бгы-льыкэ комплекс кьыщызэІуахьсфынущ.

ЗэІуцІэм хэтахэр яфІэгъэщІэгъэуну едэІуащ КБР-м и Іэтащхьэм кьыхилъхьа жардэмхэм. Абыхэм нэхъ зэрэзэпкъитепсэльыхьынущ Кьанокъуэ Арсенрэ УФ-м финансхэмкІэ и министр Кудрин Алексей-рэ я зэІуцІэм.

ХЬЭПЭ Маринэ.

Сурэтыр **ЕЛЪКЪАН Артур** трихащ.

Лэжьыгъэ и пІалъэкІэ зохъуажэ

● Конференцхэр

Ди газетым зэрытетащи, щыщхьэІум и 7-м «Синдика» интур-хьэщІэщым щыізэхэтащ «Урысейм и жыг хадэхэр зыхуэдэмрэ абыхэм зегъэужьынымкІэ щыІэ Іэмалхэмрэ» зыфІаща Урысейпсо щІэныгъэ-практикэ конференц.

КЪЭРАЛЫМ и щынальэ 18-м щыщ щІэныгъэлІрэ Іэщ Іагъэлъ 100-м щІигъу зыхэтащ. Абы щыщІэм кьызэрагъэпэщащ УФ-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм и нэІэм щІэту.

КЪЭР-м мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерысыныгъэхэмкІэ и министерствэм и ІэнатІэхэм щрагъэкІуэжі зэхъуэкІыныгъэфІхэм, дпІэкІэ я мурадхэм хьэщІэхэр хигъэгъуэзащ. Абы и ужькІэ УФ-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм ГъэвэщІэныкмкІэ, хьэсэхэм елэжьынымкІэ, къэкІыгъэхэр хьумэныкмкІэ, Департаментым и унафэщІ **Чекмарев Петр** конференцыр кьыззэІукІри, иджырей технологиехэм тету пхъэщхьэмыщхьэмэ я мэракІуэ лІэужьыгъуэхэмрэ гъэкІыным теухуауэ кьэуэ кьалэнхэр жьыджэру зэпкърахащ.

- Зэманым кьеГъэув жыг хадэхэр гъэкІыным и Іуэхум лъэныкъуэ куэдкІэ хэкъуэзауэ делэжьыну, - кьыхигъэщащ Чекмаревым. Къэралым гъэвэ хьэрэнэ кьыщІалэжь, ауэ хадэхэкІыу, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэ лІэужьыгъуэу кьыщрахьэлІэмкІэ хуабжьу дыкъыкІэроху. Ахэр кьызэрытыдыжьым хуэдэу дызэсэжа кьэкІыгъэ кьудейкьым, атІэ махуэ кьэс цІыху зыхуей, узынщагъэм дежкІэ сэбэпышхуэ зыпылъ ерыскьыгъуэщ. 2000 гъэ льандэрэ Урысейм жыг хадэхэр гектар мин 77-кІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ. А щыщІэныгъэхэр дгъэзэкІуэжьи, щыІэпхъэн нэхъыфІу щезэгъ, щыбгьагъуэ пхъэщхьэмыщхьэ лІэужьыгъуэхэр тэмэму кьэхутэн, кьыхэхьын, ахэр куэду хэсэн хуейщ. КьрахьэлІэжхэр щахъумэн, абыхэм щелэжьын зэрамылэм кьыхэкІыу, жыггъэкІэхэм хэщІыныгъэшхуэ ягъуэт. А щытыкІэм зедмыгъэхъуэжу хьунукъым.

Америкэм и налог Іуэхущ Іапэм зэрыхуэнЖащІэмкІэ, я къэралым щыщу щыхуу мин 52-м ящхъ хьумапІэм и Іуэхутхэр бзэхэр кьагъэсэбэн. Абыхэм я счетхэм щаІыгъщ налог зыхамытыкІа ахъшэу доллар мелард 15 хуэдизу. Иджы а Іуэхущ Іапэм и лэжьакІуэхэм жькъуэдий апхуэдэ гурыщІхэу зыхуащІхэм щІэунэІэнхэр банкым кьыгъэльэгъэуН хуейуэ. Арщхьэкіэ, Швейцариемрэ и законхэмкІэ, ахъшэ хьумапІэхэр хуиткьым Іуэхутхьэбэу зыхуаІэжьхъэ ятеухуа хьыбар нэгъуэщІхэм Іэрагъэхьну. Иджы, Швейцариемрэ жэуап тэмэм кьаримытыжь, США-м жеІэ абы и экономикэм зэран хуэхъуну Іуэхугъуэхэр илэжьыну.

Хым кьыхэкІ щынагъуэ

Инджылызым и хы Іуфэхэм деж илъэс къэс толькъуанэм щыщ хьэрычэтщІэхэм ядэІэпыкьу жиІэу, США-м и власть банкым и Іуэхурэхэзытхэ хеящІэм ельэІуащ иджыри зы тхъэмахуэкІэ судым и зэІущІэ иримыгъэкІуэкІыну. США-р попльэ Швейцариемрэ и жэуапым.

Америкэм и налог Іуэхущ Іапэм зэрыхуэнЖащІэмкІэ, я къэралым щыщу щыхуу мин 52-м ящхъ хьумапІэм и Іуэхутхэр бзэхэр кьагъэсэбэн. Абыхэм я счетхэм щаІыгъщ налог зыхамытыкІа ахъшэу доллар мелард 15 хуэдизу. Иджы а Іуэхущ Іапэм и лэжьакІуэхэм жькъуэдий апхуэдэ гурыщІхэу зыхуащІхэм щІэунэІэнхэр банкым кьыгъэльэгъэуН хуейуэ. Арщхьэкіэ, Швейцариемрэ и законхэмкІэ, ахъшэ хьумапІэхэр хуиткьым Іуэхутхьэбэу зыхуаІэжьхъэ ятеухуа хьыбар нэгъуэщІхэм Іэрагъэхьну. Иджы, Швейцариемрэ жэуап тэмэм кьаримытыжь, США-м жеІэ абы и экономикэм зэран хуэхъуну Іуэхугъуэхэр илэжьыну.

Инджылызым и хы Іуфэхэм деж илъэс къэс толькъуанэм щыщ хьэрычэтщІэхэм ядэІэпыкьу жиІэу, США-м и власть банкым и Іуэхурэхэзытхэ хеящІэм ельэІуащ иджыри зы тхъэмахуэкІэ судым и зэІущІэ иримыгъэкІуэкІыну. Махуэр щыхуабэм хьэндыркъуакъуэщІэнЛъым фын щІедзэри, газ щхьэхъ кьыхеху. Иджыблагъэ щууей гурым хы Іуфэм кьащІихьэкъыну хуежьэри, и щыр а газхэм иЛыкІащ, езыр кьэмэхри сымаджжым яшащ.

Инджылызым и хы Іуфэ зыгъэнсКІыпІэу 70-р апхуэдэ щытыкІэ щынагъэм кьихуащ. А щІыпІэхэм щыпсэухэм кьагъэув властыр кьадэІэпыкьун хуейуэ - езыхэр а Іуэхум пэлъащІжьхьым. ХьэндыркъуакъуэщІэнЛъыр хьщІэм щобагъуэ, кьэралым и мэкъумэщ хозяйствэм щыгъэпшэрхэр куэду кьыгъэригъэсбэлъ и эрашІэ. Нитратхэр ущхьпсыпсу псы ежэхэмэр щІым халъэскІыжьри, хым нахьэ. «ДжэдкІэ шкІУмПІым и мэр кьыщІиІихьэмэ, хы Іуфэм фымыкІуэ», - ЛъэпкъЫ Іуащ.

Бзаджэ гъусэм мысэ уещІ.



Лъэныкъуэхэр зочэнджэщ

● Дыгъуасэ

КъБР-м ТранспортымкІэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм дыгъуасэ щыізэхэтащ Гъэзэгуэм щынагъуэ кьыщыізэгъэпэщыныкмкІэ правительственнэ комиссэм и эн чэзу зэІущІэр. Ар иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Уэнаев Казым.

ДОКЛАД нэхъыщхьэхэр ящІу къэпсальащ «Федеральнэ гъэзэгу агентствэм «Щыхьым и дамыгъэ» орденыр зезыхьэ Кавказ Ищхьэрэ автомобиль гъэзэгуэм я управленэ» къэралІуэхущІапІэм и щынальэ кьудамэм и унафэщым и кьуэдзэ ХьэщІыкІу Юрэ, КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщым и кьалэнхэр пІальэкІэ зэІыгъэзащІэ Тэтрокъуэ Арсен, куей муниципальнэ администрацэхэм я ІыкІуэхэр, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, узынщагъэр хьумэныкмкІэ министерствэхэм щыщхэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм гупсэхуу едэІуа иужькІэ зэгурыІуащ зыхэпльа Іуэхугъуэхэр зэхалъхьажу хуэфащэ унафэ трагъэхьыну.

Зэхэхьэм хэтащ КъБР-м транспортымкІэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министр Сунш Ануарбий.

АРУАН Алий.

ЩІыр щыхъеящ

Дыгъуасэ пиэддажьжьым Японием щІыр щыхъеящ.

РИХТЕРи пщалъэмкІэ абы и инагъыу щытащ балли 6,5-рэ. Абы щІыхь 40-м щІигъум фэбжь хахащ, уиэ зыбжанэ зэкІикъутащ. Токио километри 160-кІэ пэжьыжьу щыІэ атом электростанцыем и лэжьыгъэр абы тет автоматикэм зэтриГъэувыІащ. Японием и метеорологэм зэрыжаІэмкІэ, щыхьеІм и кур здэщыІар Хы Щхьэхурац, Сидзуокэ префектурэм и хы Іуфэм тамыжьжьу.

А зэман дыдэм ирихьэлІэу щІыр щыхьеящ Индие хыми, Андаман хытІыгуэм ятемыжьжьэу. Ар нэхъ лъэщыжьт - балли 7,6-р зэрыт.

ЩІыхьеІм и нэхъыбэр кьыщыхьэхэм ядэІэпыкьу жиІэу, США-м и власть банкым и Іуэхурэхэзытхэ хеящІэм ельэІуащ иджыри зы тхъэмахуэкІэ судым и зэІущІэ иримыгъэкІуэкІыну. США-р попльэ Швейцариемрэ и жэуапым.

Америкэм и налог Іуэхущ Іапэм зэрыхуэнЖащІэмкІэ, я къэралым щыщу щыхуу мин 52-м ящхъ хьумапІэм и Іуэхутхэр бзэхэр кьагъэсэбэн. Абыхэм я счетхэм щаІыгъщ налог зыхамытыкІа ахъшэу доллар мелард 15 хуэдизу. Иджы а Іуэхущ Іапэм и лэжьакІуэхэм жькъуэдий апхуэдэ гурыщІхэу зыхуащІхэм щІэунэІэнхэр банкым кьыгъэльэгъэуН хуейуэ. Арщхьэкіэ, Швейцариемрэ и законхэмкІэ, ахъшэ хьумапІэхэр хуиткьым Іуэхутхьэбэу зыхуаІэжьхъэ ятеухуа хьыбар нэгъуэщІхэм Іэрагъэхьну. Иджы, Швейцариемрэ жэуап тэмэм кьаримытыжь, США-м жеІэ абы и экономикэм зэран хуэхъуну Іуэхугъуэхэр илэжьыну.

Хым кьыхэкІ щынагъуэ

Инджылызым и хы Іуфэхэм деж илъэс къэс толькъуанэм щыщ хьэрычэтщІэхэм ядэІэпыкьу жиІэу, США-м и власть банкым и Іуэхурэхэзытхэ хеящІэм ельэІуащ иджыри зы тхъэмахуэкІэ судым и зэІущІэ иримыгъэкІуэкІыну. США-р попльэ Швейцариемрэ и жэуапым.

Америкэм и налог Іуэхущ Іапэм зэрыхуэнЖащІэмкІэ, я къэралым щыщу щыхуу мин 52-м ящхъ хьумапІэм и Іуэхутхэр бзэхэр кьагъэсэбэн. Абыхэм я счетхэм щаІыгъщ налог зыхамытыкІа ахъшэу доллар мелард 15 хуэдизу. Иджы а Іуэхущ Іапэм и лэжьакІуэхэм жькъуэдий апхуэдэ гурыщІхэу зыхуащІхэм щІэунэІэнхэр банкым кьыгъэльэгъэуН хуейуэ. Арщхьэкіэ, Швейцариемрэ и законхэмкІэ, ахъшэ хьумапІэхэр хуиткьым Іуэхутхьэбэу зыхуаІэжьхъэ ятеухуа хьыбар нэгъуэщІхэм Іэрагъэхьну. Иджы, Швейцариемрэ жэуап тэмэм кьаримытыжь, США-м жеІэ абы и экономикэм зэран хуэхъуну Іуэхугъуэхэр илэжьыну.

Ахэри къелакъым

Словакием и Хамгі шахтэм щыізэпхьаІэ газыр кьэуа Іуэхр, кьегъэлакІуэхэм кьагъэуІуэжащ шахтери 6-м я щхьэхуэр.

Адрей лэжьакІуэ 14-ри зэкІуэдауэ хуагъэфащэ, сыту жыпІэмэ, газыр кьыщыуэм кьелами, абыхэм я баллонхэм ита кислородыр ихуащи, зэрыбгуэн хьэуа ягъуэтынукъым. Іуэхур зэхэзыгъэкІ комиссэм кьыззэрихутамкІэ, метанымрэ ФІамыщІ сабэмрэ зэхьыхьри, кьэуат мэремми зыгъэнсхуэгуэ махуэхэмк.

США-м егъэшынэ

Щюрих щыІэ ЮБС ахъшэ хьумапІэм и Іуэхум хэпльэн папщІэ, вэсмахуэ Швейцариемрэ и правительствэм зэІущІэ щыхуэу иригъэкІащ.

США-м а банкыр егъэкъуанщэ, налог зыхэмыкІа ахъшэ гъэпщкІуныкмкІэ Америкэм

Зэпэщ Іэувахэр зопсалъэ

АБХЪАЗ. ***Куржы-абхъаз зэпсэльэныгъэхэр иджыблагъэ Гал районым щекІуэкІащ. Лъэныкъуэхэр тепсэльыхьащ нужьрей зэманым щІэх-щІэхъуэрэ абыхэм я зэхуакуэ кьыдэхъуэ зэгурымыІуэныгъэхэм.***

АБХЪАЗЫМ и лъэныкъуэмкІэ зэІущІэм хэтахэм я пашэу щытащ республикэм и Президентым и лЫкІуэу Гал районым щыІэ Кишмарие Руслан. Зэпсэльэныгъэм хэтащ Абхъазым нэтынкІэ къэрал Іуэхугъэмкі и министрым и къуэдзэ Гвинджие Максимэ зыхъуэжьныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Купалаб Гаррирэ.

Куржы-абхъаз зэхуэзэм кърикІуэхэр хэІущІыІу ящІакъым икІи кьащтэ унафэхэм журналистхэр щагъэзгъэзакъым. ХэзыщІыкІэхэм зэрыжаІэмкІэ, лъэныкъуэхэр нэхъыбэу зытепсэльыхьар гьунапкІхэм кьыщыхъу зэпэщІэувэныгъэхэр гъэкІуэдыныр, Гал районым зытеззэж куржыхэр лъэпощхьэпо хэмыГъэтыныр.

Ахъшэу нэхъ кьащтэ

АДЫГЕЙ. ***Анэ капиталым кьыхэкІыу зыуэ ят пособие сом мин 12-р кьыдахьыну республикэм и пенсэ фондым унагъэ 1335-м зыхуагъэзащ.***

ПЕНСФондым кьызэритамкІэ, щыщхьэІум и 10-м щыщхьэІум нэсу ят пособием щІэупщІащэм я лицевой счетхэм ахъшэхэр ягъэкІуэн щІадзащ. Апхуэдэуи анэ капиталыр щыхуэу

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Тутнакъэщхэм кынкІыжа щІыхуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ защІэгъэкъуэныжмкІэ лэжьыпхъэхэм я Іуэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм бадзуэгъуэм и 1-м *№185-1-ІІІ*

Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и Президиумым 2009 гъэм мазаем и 11-м иригъэкІуэкІа эІуІэм кърикІуахэм япкъ иткІэ, Урысей Федерацэм и Президентым кынгъэува пщэрыльхэм я спискэм (2009 гъэм мазаем и 25-м кыдэкІа Пр-444) и пункт 4-м тету, тезырыр япшыну тутнакъэщхэм кынкІыжа щІыхуэхэм ядэІэпыкъуэкІи кынкІыжа щІыхуэхэм защІэгъэкъуэн мурадкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еш:**

1. Тутнакъэщхэм кынкІыжа щІыхуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ защІэгъэкъуэныжмкІэ, ахэр гъащІэм хэгъэзэгъэныжмкІэ 2009 - 2011 гъэхэм Лжэныпхъэхэм я комплексу (адэкІэ -Лжэныпхъэхэм я комплексщ) мы Унафэм щыІыгъ къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм (Тюбеев А. И.), Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Уэныщагъэр Іуэхуэныжмкіэ и министерствэм (Бицу В. Г.), Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм (ЩІхьэгъэпсо С. Хь.), Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм (Мусуков А. Т.), Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЩІыхуэхэр лжэлаІэкІэ кызэгъэпэщныжмкІэ и кэрал комитетым (Къуэдзокъуэ М. М.) яхуэгъэзэн тутнакъэщхэм кынкІыжа щІыхуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ защІэгъэкъуэным, ахэр гъащІэм хэгъэзэгъэжыным хуэунэтІауэ Лжэныпхъэхэм я комплексым кьыщыгъэлъэгъуа Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІыныр гъэзэщІакІуэ власткІэ и федеральнэ органхэм я уполномоченнэ щІыналъэ органхэм ящІыгъуу кьызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм, Тезырхэр гъэзэщІныжмкІэ федеральнэ къулыкъым и управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм, Кэрал Іуэхуэщапіэм - Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и щІыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьэ округэкэрэ муниципальнэ районхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэм и органхэм чэнджэщ етыну тутнакъэщхэм кынкІыжа щІыхуэхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ защІэгъэкъуэныжмкІэ, ахэр гъащІэм хэгъэзэгъэжыным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыным езыхэм къапэщыт кьалэнхэм зэрыхиубдзкІэ хэтыну.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм хуэгъэзэн тезырыр япшыну тутнакъэщхэм кынкІыжа щІыхуэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етын и лъэныкъуэкІэ зэфІэгъэкІэхэм ятеуху кІэух информацэр гъэ къэ дыгъэзагъэм и 31-м фІэмыкІыу зэхалъхьажу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и пащхьэ ирагалъэныр кьыгъэригъэтэщыну.

5. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм (Быышэн А. А.) хуэгъэзэн 2010 гъэм, кьыкІэлъыкІуэ илъэсхэм ятещІыкъуэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и проектыр щызэхагъэувэкІэ Лжэныпхъэхэм я комплексыр гъэзэщІэным текІуэдну ахъшэр къыдытэну.

6. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъну и щІэ илъхьан Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ ДыщэкІ М. Р.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къалэнхэр зыгъэзащІэ ТХЬЭЭПЛЪЫЖ Мурат

«Кристалл» щІалэгъуалэ-спорт комплекс» къэрал Іуэхуэщапіэм и къызэгъэпэщыкІэр зэхъуэкІыным и Іуэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм бадзуэгъуэм и 15-м *№198-ІІІ*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ и къэрал Іуэхуэщапіэхэр зэрызэрахъэр гъэтэмэныр мурадкІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еш:**

1. «Кристалл» щІалэгъуалэ спорт комплекс» къэрал Іуэхуэщапіэм и къызэгъэпэщыкІэр зэхъуэкІын ар «Налшык» спорт комплекс» къэрал Іуэхуэщапіэм гуэгъэхъжьыныр и лъабжьэу.

2. «Налшык» спорт комплекс» къэрал Іуэхуэщапіэм нэхьыбэ дыдэу щылажьэхэм я бжыгъэр цІыху 92-рэ, абыхэм я мазэ лжэлапІэ фондыр сом мин 523,7-рэ хъуэу гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм (АфІэунэ А. М.) хуэгъэзэн мы Унафэм и пункт 1-р гъэзэщІным ельэІа зыхуэфащэ юридическэ Іуэхуэхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал мылькъэ зехьэныкъэ щІы Іуэхуэхмкіэ и министерствэр щІыгъуу зэфІигъэкІыну.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъну Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министр АфІэунэ А. М. и пщІэ илъхьан икІи абы кьалэн щыщІын лэжьыгъэм кьрикІуа кІэух информацэр 2010 гъэм щышыпхъэм и 1-м ирагъэкІуу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм иритыну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къалэнхэр зыгъэзащІэ ТХЬЭЭПЛЪЫЖ Мурат

2009 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм Коррупцэм щыпэщІэтыныжмкІэ программэр кьащтэнымэ и Іуэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мэкъуаутхъэм и 15-м *№205-ІІІ*

«2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Коррупцэм щыпэщІэтыныжмкІэ профилактикэ лэжьыгъэр» республикэ программэ хэхьан и Іуэхуэкіэ 2008 гъэм мэкъуаутхъэм и 2-м кьащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №29-РЗ-р гъэзэщІэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еш:**

1. 2009 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм Коррупцэм щыпэщІэтыныжмкІэ программэр кьащтэн.

2. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъну и щІэ илъхьан Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ ДыщэкІ М. Р.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къалэнхэр зыгъэзащІэ ТХЬЭЭПЛЪЫЖ Мурат

2009 - 2011 гъэхэм лэжьыгъэр зэрахъуэр егъэфІэкІуэныжмкІэ ЗэфІэгъэкІыпхъэхэм я планым и Іуэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм бадзуэгъуэм и 15-м *№206-ІІІ*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еш:**

1. 2009 - 2011 гъэхэм лжэныгъэр зэрахъуэр егъэфІэкІуэныжмкІэ ЗэфІэгъэкІыпхъэхэм я плану (адэкІэ - Планщ) мы Унафэм щыІыгър къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я пщІэ илъхьан, муниципальнэ районхэм я кьалэ округхэм я щІыпІэ администрацэхэм, зи мыпкъуэщытым емылытауэ - Іуэхуэщапіэхэмрэ предприятэхэмрэ чэнджэщ етын Планым кьыгъэув Іуэхуэхр гъэзэщІныр кьызэрагъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм (Тюбеев А. И.) хуэгъэзэн Планыр гъэзэщІным хуэунэтІауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кэрал властым и гъэзэщакІуэ органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр зэригъэуІуну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ ТХЬЭЭПЛЪЫЖ Мурат

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и коллегием и Іуэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм щышыкІуэм и 3-м *№212-ІІІ*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еш:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и коллегием хэтхэр мы Унафэм щыІыгъм кьызэрыщІыгъэгъуэм хуэдэу гъэувын.

2. Кьару имыІэжу кьэлъыгтэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Унафэхэу:

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и коллегием и Іуэхуэкіэ» 2007 гъэм щышылъэм и 18-м кьыдигъэкІа №11-ІПП-м;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм щышылъэм и 18-м кьыдигъэкІа Унафэ №11-ІПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэкіэ» 2008 гъэм щышылъэм и 25-м кьыдигъэкІа №10-ІПП-м.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм щышыкІуэм и 3-м кьыдигъэкІа Унафэ №212-ІІІ-м ишІэ иткІэ ягъэуващ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и коллегием хэтхэр

Щхьэгъэпсо С. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр *(коллегием и унафэщІ)*

Абазэ Б. З. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэр

АфІэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министрыр

Бекъул А. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Іым и секретариатым и Іэтащхьэр

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(эгъуры Іуауэ)*

Дыкьнэ Хьу. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм «ЩІэныгъэ-техникэ творчествэмкІэ егъэкІуэхэм я центр» щІэныгъэ щыгъэгъуэт и кэрал Іуэхуэщапіэм и унафэщІыр

Дорохиэ Л. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэр

Дышэкі Р. М. - «Курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт еджапІэ-интернат №8» щІэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал Іуэхуэщапіэм и унафэщІыр

Жэрыкъуэ Б. Хь. - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и япэ Президент КІэухІэу В. М. и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэш академием» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и федеральнэ къэрал Іуэхуэщапіэм и ректорыр *(эгъуры Іуауэ)*

Иуан П. М. - ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрым и президиумым и унафэщІыр *(эгъуры Іуауэ)*

Кьарэшыгъэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал Іуэхуэщапіэм и ректорыр *(эгъуры Іуауэ)*

Карышэ С. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэ, щІэныгъэ Іэнатіэхэм я лжэкъуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщІыр *(эгъуры Іуауэ)*

Клешня Л. С. - Прохладнэ муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІыр (эгъуры Іуауэ)

Мэлбахъуэ Т. Кь. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІыр *(эгъуры Іуауэ)*

Моллаев С. С. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІыр *(эгъуры Іуауэ)*

Мурт Іэ Б. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэр

Пэнагу М. А. - Тэрч муниципальнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІыр *(эгъуры Іуауэ)*

Пашты Б. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хьыбарегъащІэ Іэнатіэкмкіэ, жьыларгъэ зэгухьанэныгъэхэм ядэлэжьныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрыр

Рахаев А. И. - «ГъуэздэкэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал Іуэхуэщапіэм и ректорыр *(эгъуры Іуауэ)*

Соттаев Б. О. - Бахъсэн муниципальнэ куейм «Жанхьэутекъуэ кьуажэм дэт курыт еджапІэ» щІэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ Іуэхуэщапіэм и унафэщІыр *(эгъуры Іуауэ)*

Сэмэн З. Щ. - «Къэбэрдей-Балькъэрым Іэщ Іагъэ щрагъэгъуэт и «Ухуакіуэ» лицей» Іэщ Іагъэм щыхурагъаджэ къэрал Іуэхуэщапіэм и унафэщІыр *(эгъуры Іуауэ)*

Тэмазэ Д. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и административнэ департаментым и унафэщІыр *(коллегием и секретарщ)*

Хьурей Ф. А. - БизнесымкІэ Къэбэрдей-Балькъэр институтым и ректорыр *(эгъуры Іуауэ).*

● ЗэІущІэхэр

Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ

Иджыблагъэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм зэІущІэ ирагъэкІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ди республикэм зэрыщатам кьрикІуахэмрэ гъэ ешэгъэуэщІэм щколхэр зэрыхуэхьэзыщІэм зэрыригъаджэ щыІэр.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий,** РАН-м и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрым и унафэщІ **Иуан Петр,** республикэм Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и министр **АфІэунэ Аслъэн,** БизнесымкІэ институтым и ректор **Хьурей Феликс,** республикэм щыІэ еджапІэхэм, щІэныгъэ Іуэхуэщапіэхэм я унафэщІхэр.

- Зэрырагъаджэ щыкІэр егъэфІэкІуэныжмкІэ, ныжьыщІэхэм ябгъэдэль щІэныгъэр зыхуэдэр кьэщІэныжмкІэ зэкІыпІэфІщ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр, - жиІащ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий.** - Арауэ кьащІэкІынщ ЕГЭ-р Іэмальнэ зэ Урысей псом щатын хуейуэ щІагъэувари. Апхуэдэ экзаменхэм тыкІэр 2003 гъэ лъандэрэ ди щІынальэм зэрыщекІуэкІам дэ Іэмал кьыдитащ абы и пІалъэ кьэтщІэнкІэ. Мы гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр предмет 13-кІэ ятащ. Абы щыщу тІур - урыс сибгъэмрэ математикэмрэ - Іэмал зимыІэу щытащ, адрейхэр еджакІуэхэм зэрыкІуэ кьыхъахьхьащ. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр егъэкІуэныным Іуэхугъуэ куэд епхащ. Абы щІыхуэ куэд зэпещІэ икІи ахэр дэтхэнэри быдэу зэпэхыжащ. КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэм и дежкІэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ягъэувах хабзэхэр кьыщІэупэуд къэмихьуу егъэкІуэныным. Іуэхур зэрыхэфІахыр я нэІэ щІэтащ къэрал экзаменационнэ комиссэм, КъБР-м и Правительствэм и деж щыІэ Зэрыгъэуу Советым хэтхэм, жьлагъуэ кІэлъыплъакІуэхэм. Экзаменхэр щрагъэкІуэкІыну пунктхэм, предмет щхьэхуэкІэ зэрыкъагъэпэщща комиссэхэм я унафэщІхэм мызэ-мытІэу депсэлъыпІащ, дэтхэнэми кьыгурыдгъэІуащ жэуапІэ ныгъэ ткІий зэрикъыр. ЕГЭ-р зыхуэдэр жьлагъуэм кьагурыдгъэІуэныжмкІи тхуэзэфІэкІ кьэдгъэнакъым. Абы теухуа тхыгъэ куэд газетхэм кьытехуащ, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэм и интернет-сайтыр зэпымыуу лэжьащ, апхуэдэу упщІэ зиІэхэм папщІэ «Дзыхь зрагъэз телефонхэр» щыІащ. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрыригъэкІуэкІ хабзэхэр кьызэпызыуд гуэрри щымыІэн папщІэ, ЕГЭ-м кьрикІуахэм щых эпІлъэк центрым видео кІэлъыплъныгъэ кьыщыгъэрагъэпэщащ. Апхуэдэу кьыхэзгъэщыну сыхуейт экзаменхэр щат щІыпІэхэм щынагъэуэнщагъэ кьыщыгъэзыгъэпэща МВД-м и лэжьакІуэхэми я кьалэнр дагъэуэнщэу зэрырахькІар.

Адэкіэ министрым кьыхигъэщащ илъэсибл хъуауэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ди щІыпІэм щекІуэкІми, иджыри абы ди щІыхуэхэр зэремысар, и мыхьэнэр нэсу кьаІэзрыгурымыІуэр. Абы и щыхьэтщ экзаменхэр щекІуэкІым дызрихьэлІа ныкъуасыныгъэхэр. Апхуэдэхэщ иджырей хьыбарегъащІэ Іэмэпсымэхэр жьыджэру экзаменхэм кьыщагъэсэбэныну ныбжьыщІэхэр зэрыкъуэкІыжьыр. Абы щІыхьэтщ экзаменхэр щекІуэкІым дызрихьэлІа ныкъуасыныгъэхэр. Апхуэдэхэщ иджырей хьыбарегъащІэ Іэмэпсымэхэр жьыджэру экзаменхэм кьыщагъэсэбэныну ныбжьыщІэхэр зэрыкъуэкІыжьыр. Абы и щыхьэтщ экзаменхэр щекІуэкІым дызрихьэлІа ныкъуасыныгъэхэр. Апхуэдэхэщ иджырей ди республикэм зэрысібгъэр зымытыфхэр процент 0,7-рэ, математикэр процент 0,4-рэ мэхъу. Ныжьыщ, Брч районым и еджакІуэхэращ экзаменхэмкІэ гъэнэхъныгъэм кІуэцІрыкІар. Сэ кьызэрысыцыхьумкІэ, зы еджапІэм щыщу цІыхуэ 2-3-м аттестат кьазэрыІэрымыкъэжам кьегъэльагъуэ, а Іуэхуэщапіэм тэмэму зэрыщрамыгъаджэр икІи Іэмал имыІэу абыхэм кьэпщытэныгъэ іэжьыгъэхэр щегъэкІуэкІыхъэщ.

Адэкіэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий предмет щхьэхуэхэмкІэ зэрыщІэтыр, а Іуэхуэщапіэм тэмэму зэрыщрамыгъаджэр икІи Іэмал имыІэу абыхэм кьэпщытэныгъэ іэжьыгъэхэр щегъэкІуэкІыхъэщ.

Адэкіэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий предмет щхьэхуэхэмкІэ зэрыщІэтыр, а Іуэхуэщапіэм тэмэму зэрыщрамыгъаджэр икІи Іэмал имыІэу абыхэм кьэпщытэныгъэ іэжьыгъэхэр щегъэкІуэкІыхъэщ.

Адэкіэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий предмет щхьэхуэхэмкІэ кьуажэдэхэм я щІыныгъэкІэ зэрелъагъэІуэ. Абы щыгъуэ ди ныбжьыщІэхэм я щІынальэм щыпхъэхуэхэр щІынальэм щыпхъэхуэхэр, а Іуэхуэщапіэм и ныбжьыщІэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм ар кьазэрыщыхьуамкІэ. Молаевым зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ Іуэхуэмкіэ гуныкьуэгъуэ зиІэ абыхэм кьахэкІакъым, дэ дыщІэупщІэжа мыхъумэ, адэкІэ ящІэнум иригузавэу зыри кьыдбгъэдыхьакъым. Апхуэдэу абы кьыхигъащІащ 9-нэ классыр кьыщухьІэ, еджакІуэхэм я процент 25-р школым кьыщІэкІыу курыт щІэныгъэ, Іэщ Іагъэ щрагъэгъуэт еджапІэхэм зэрыщІэтыісхьэр.

Иуан Петр кьэпсэльапІэр хуит щыхуащІым кьыхитІащ егъэджакІуэхэм, а Іэнатіэм пыщІахэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІагъэкІар, кьыдэкІуэтей щІэблэм языныкъуэ предметхэмкІэ ябгъэдэль щІэныгъэм арэзы кьыхэриримыщІыр. «Си жагъуэ з мэхъу, - жиІащ Иуаным, - техникэ предметхэм гулыитэ тэмэм зэрыхуамыщІыр. Абыкіэ сэ адрей предметхэм я мыхьэнэр езудыхьну сыхуейкІым, ауэ пэжыр жьыпІэмэ, псэукІэ зэйуэпэщ щІынальэм щыпхъэхуэхэр щІынальэм щыпхъэхуэхэр, а Іуэхуэщапіэм и ныбжьыщІэхэм зыхъэжьыщІ. Абыкіэ сэ адрей предметхэм я мыхьэнэр езудыхьну сыхуейкІым, ауэ пэжыр жьыпІэмэ, псэукІэ зэйуэпэщ щІынальэм щыпхъэхуэхэр щІынальэм щыпхъэхуэхэр, а Іуэхуэщапіэм и ныбжьыщІэхэм абыхэмкІэ зыхъэжьыщІ. Апхуэдэу хамэ кьэралхэм зэрыщрагъаджэ щыкІэм щапхъэ тетхын хуейщ. ІэщагъэлІ нэс хэр ди Іэну, ди щІэблэм щІэныгъэфІ едгъэгъуэтыну дыхуейтмэ, Іулъхьэ тынымрэ лъІуэнымрэ зыхъэнын хуейщ. А Іуэху зехьэкІэм дызыхуишэнум уегупсысмэ, ди щхьэ лей идохьи».

Зэ Іущ Іэм и кІэухыу КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэ **Абазэ Барэсбийжи**Іащ курыт еджапІэхэм зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр и кІэм нагъэблэгъащ зэрыщытыпхъэр, сабийхэм я щынагъэншагъэр кьызэгъэпэщыным епха Іу зэхуэгъуэхэм гулытэ хуэщІын зэрыхуейр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Мы махуэхэм илъэс 66-рэ ирокъу Курск и деж щекІуэкІа зауэщхуэм ди зауэлІэм текІуэныгъэ кьыззрыщІахьрэ. Хэку зауэщхуэм и напэкІуэцІ нэхъ гукъинэхэм ящыщ а зэхэуэм и ужькІэ наІуэ хъуауэ щытащ Совет Союзыр фашист Германием зэрытекІуэнур.

КУРСК и Іэшэльашэхэр бийм кьыщыззригъэпэщ ебгъэрыкІуэныгъэм зэреджэр «Цитадель»-т. Абдеж щекІуэкІыну зауэм иІэну мыхьэнэм и инагъыр фІыуэ кьызыгурыІуэ нэмыщІ дзэпщхэм абы кьрашэлІат я дзэ кьыхэхэрэр, генерал цІэрыІуэхэр. Зэхэуэм хуагъэхьэзырра дивизие 50-м щыщу 16-р ганкІэ зэщІэуэзэда гупт. Апхуэдэу Іуэхуэ жьыджэру хэтт генерал-фельдмаршал Манштейн зи пашэ «Ипщэ» дзэ гупым и техникэ лъэрызехьэри. Псори зэхэту Курск деж щыззхуашсат бийм и зауэлІ мин 900-м щІигъу, мини 10-м нэс орудиехэмрэ лагьымыдзхэмрэ, танкыу мини 2,7-рэ, кхъухьлатэуи абы нэс.

Советыдзхэм я Главнокомандованэ нэхъыщхьэм унафэ ищІат сыт хуэдэ щыкІэкІи бийм и обгъэрыкІуэныгъэм пэщІэтыну, кьащта лъагапІэхэм зыщагъэбыдэным и мызакъуэу, нэмыщІдзхэр я щІыпІэм щрагъэкІуэтыну. Ди лъэныкъуэкІэ Курск зэхэуэм хэтынут Фронт нэхъыщхьэр, Воронеж, Брянск, Кьухьэпіэ, Степной, Ипщэ-Кьухьэпіэ фронтхэр. Дзэхэм зыщагъбгъат 8-уэ зэщхьэщыхьа, километр 300 кьызэщІэзыбыдэ зыхъумэжьныгъэ линэ зэхуэхуэм и япэ махуэхэм кьыщыщІэдзауэ вермахтым зауэм кьришэлІэн хуей хъуащ абы и кІэухым «хуигъэтІыгъуэ» и дзэ іохаахр. ЕбгъэрыкІуэныгъэр кьызэтрагъэувыІащ ди лъэсыдзэ зауэлІхэм. Абыхэм щІэгъэкъуэныншхуэ кьахуэхъуащ 16-нэ Хьэуа дзэр. Курск ипщэкІэ, Прохоровкэ жьлагъуэм дежь, бадзэуэгъуэм и 12-м екІуэкІауэ щыгащІ танк зэзаауэ хьэлъэ. Абы щыгъуэм бийм кьыІэныныгъэ ин игъуэтащ: танк 400-рэ сэлэтрэ офицеру мини 10-м нэсрэ. Абы и уэкІэ Степной фронтым Воронеж, Ипщэ-Кьухьэпіэ фронтым и дзэхэр щІыгъуу хуит къащІыжауэ щытащ Белгород, Харьков кьалэхэр. Ар кьыщыхъуар 1943 гъэм щыщхьэІум и 23-рщ.

